



IGITABO CO KWIGISHA UBUHINGA BWO KWORORA KIJAMBERE INKWAVU



IKI GUTABO CANDITSWE NA :

Ir. BUTOYI Aimable (Msc.) : Consultant Elevage (MINEAGRIE)

KWIZERA Jean Claude : Consultant Elevage (Youth Agribusiness Incubator : YAIN)

DUSABE Wilbert : Entrepreneur en élevage (Maison du Fermier)

BIGIRIMANA Serges : Responsable Formation Technique Agro-pastorale PAEEJ

BASHIKAKO Autorine : Expert en Production Animale PAEEJ

MUKAKARO 2022

IBIRIMWO

IBIRIMWO.....	I
URUTONDE RW'AMASANAMU	II
URUTONDE RW'AMASHUSHO	II
0. INTANGAMARARA.....	1
1. UBWOKO BW'INKWAVU ZORORWA MU BURUNDI	3
1.1. Fauve de Bourgogne.....	3
1.2. Neo zelandais	3
1.3. California.....	3
2. INZU Y'INKWAVU.....	4
2.1. Ikibanza.....	4
2.2. Ivyo kwirinda	4
2.3. Ibikoresho vy'ubworozi.....	5
3. UKUGABURIRA INKWAVU	8
3.1. Indya z'inkwavu.....	8
3.2. Amazi	8
4. GUTUNGANYA IRONDOKA.....	9
4.1. Gutandukanya ibitsina vy'inkwavu	9
5. GUTUNGANYA AMAGARA Y'INKWAVU	10
5.1. Gukinga.....	10
5.2. Ingwara nkuru nkuru z'inkwavu	11
5.3. Ibimenyetso :.....	13
6. IBIKORWA VYA MINSI YOSE MU BWOROZI.....	14
6.1. Gukora isuku.....	14

6.2. Gukurikirana amagara y'inkwavu	14
6.3. Kugenzura icari	14
6.4. Gufata no gusegura inkwavu.....	14
6.5. Kuringaniza amenyo y'imbere n'uguca inzara.....	15

URUTONDE RW'AMASANAMU

Isanamu 1 : Ubwoko bw'inkwavu zororwa mu Burundi	3
Isanamu 2 : urukwavu rw'ubwoko Neo-zelandais	3
Isanamu 3 : urukwavu rw'ubwoko California	3
Isanamu 4 : ikizira kubworozi bw'inkwavu.....	4
Isanamu 5: Icari urukwavu ruvyariramwo cubakiye, n'icari kiri hanze	7

URUTONDE RW'AMASHUSHO

Ishusho 1 : Inzu yo kwororeramwo inkwavu.....	4
Ishusho 2 : Ibikoresho vyo kuriramwo	5
Ishusho 3 : Ibikoresho vyo kunweramwo amazi	6
Ishusho 4 : Uburinganire bw'icarire	6
Ishusho 5 : Icari urukwavu ruvyariramwo cubakiye, n'icari kiri hanze	7
Ishusho 6 : uko urukwavu runwa amazi	8
Ishusho 7 : uko batandukanya ibitsina vy'inkwavu.....	10
Ishusho 8 : Uko bafata neza inkwavu.....	14
Ishusho 9 : Kirazira gufata urukwavu gutyo	15
Ishusho 10 : Gusuzuma amenyo no guca inzara	15

0. INTANGAMARARA

Ubutunzi bw'Uburundi buhagaze ahanini ku burimyi n'ubworozi, aho ibice 84% vy'abarundi batanzwe n'uburimyi n'ubworozi. Igisata c'uburimyi n'ubworozi gisahiriza ibice 39,6% vy'ubutunzi bw'igihugu (PND, 2018). Ico gisata gitanga kandi ibice 95% vy'ibifungurwa mu miryango.

Ubworozi mu Burundi burafise uruhara runini cane mu miryango no mu gihugu.

❖ Mu miryango, ibitungwa birafasha mu :

- Gutabira amatongo ;
- Gutanga amata, inyama n'amagi ;
- Gukomeza ubugenzi hagati y'abantu (bagabiranye ibitungwa) ;
- Kwunga ubumwe hagati y'imiryango (gukwa umugeni).

❖ Ku gihugu ibitungwa birafasha mu :

- Kwinjiza amahera avuye mu matagisi y'abashoye ibitungwa, amata, amagi n'inshato ;
- Kuzana amahera y'agaciro iyo igihugu gishoye hanze umwimbu w'ibitungwa.

Kubijanye n'ubworozi bw'inkwavu, n'ibitungwa bifise akamaro kenshi, bukuru bukuru n'ubu :

- Inyama y'urukwavu ni ingaburo y'akanovera kenshi. Ifise ibinure bike ikagira ivya ndemamubiri vyinshi ;
- Ubwoya n'insato vy'inkwavu barashobora kubihingurwamwo impuzu n'ibindi ;
- Umwavu w'inkwavu ni intabire nziza cane. Ufise ingaburo y'ibiterwa isumba iyiri mu mase y'ibindi bitungwa kandi ni umwavu w'akamaro kanini ku mirima y'imboga ;
- Amaganga y'inkwavu arakoreshwa mu gufumbira no mu kwica udukoko twonona imirima ;
- Igwirirana ry'abantu mu Burundi butuma abarimyi-borozi bahitamwo ubworozi busaba ikibanza gito, ubworozi bw'inkwavu ni aho bukomereye;
- Inkwavu zirarondoka cane bigatuma zirwira ningoga.

Mur'iki gihe, mu gihugu dufise igitigiri c'inkwavu kingana **398.792 (DOPEAE 2020-2027)**. Izo nkwavu ni nkeya cane ku buryo zidatanga umwimbu ukwiye kugirango zishobore gutanga ingaburo ndemamubiri zikwiye ku benegihugu.

Ibituma nyamukuru haboneka umwimbu muke n'ibi bikwirikira :

- Abenegihugu benshi ntibitaho kworora inkwavu ;
- Ingwara z'umurengera ;
- Mu bworozi bw'inkwavu hakunda kubamwo amacugane kubera kutamenya kw'aborozi ;
- Abavuzi b'ibitungwa babinonosoye badakwiye ;
- Ugukwirikirana aborozi bidahagije ;
- Ubushakashatsi budakwiye.

Kugirango ubwo bworozi bugende neza, kandi bugirire akamaro benebwo, butegerezwa kwitabwaho mu vyerekeye :

- Uburaro ;
- Isuku ry'uburaro n'iry'ibitungwa ;
- Ingaburo ikwiye mu bwinshi no mu gukwiza ivyangombwa vy'umubiri ;
- Ukurondoka ;
- Amagara y'ibitungwa.

Mur'iki gitabu, harerekanwa uruhara rwa kimwe kimwe mu bitegerezwa kwitabwaho ku nkwavu.

Nico gituma PAEEJ (Programme d'Autonomisation Economique et d'Emploi des Jeunes) ibicishije m'umugambi w'Igihugu wo gushigikira urwaruka mukurwanya ubushomeri n'ukwitez'imbere watunganije ibikorwa vyo gukaburira ubumenyi ubicishije munyigisho z'aborosha canke aborozi b'inkwavu.

Abahinga ba PAEEJ barafasha gukaburira ubumenyi aborosha bane kw'ikomine imwimwe uwo umugambi ukoreramwo kuvyerekeye ubuhinga bwo kworora kijambere inkwavu ubicishije munyigisho zitadukanye hamwe n'indimo-shure. Izo nyigisho zifatiye ku ndimo-shure zibera muntara zose uwo mugambi ukoreramwo. Inyuma yaho abo borosha bazoca bigisha abandi borosha bahurikiye muma koperative yo kumitumba.

Iki gitabu kirafasha aborosha canke abajewe amagara y'ibitungwa ku mitumba mu gukwirikirana amagara y'inkwavu. Kirafasha kandi kuremesha inyigisho ufatiye kumibereho y'abanyagihugu bipfuzwa kwitezimbere biciye mu bworozi bw'inkwavu.

1. UBWOKO BW'INKWAVU ZORORWA MU BURUNDI

1.1. Fauve de Bourgogne

N'inkwavu zisa n'umugina, amaso manini yirabura, amatwi yagutse kandi maremare, umutumba munini rupima hagati y'ibiro 3 na 4 rukuze. Ni urukwavu rurondoka cane.



Isanamu 1 : Ubwoko bw'inkwavu zororwa mu Burundi

1.2. Neo zelandais

Ni inkwavu nini zishaka kumera nka fauve de Bourgogne, zigatandukanira ku mabara (ubwera, ubwirabura, ubusa n'inginagina), kumaso (atukura), ibiro aho zifise ibiro bishika kuri 6.



Isanamu 2 : urukwavu rw'ubwoko Neo-zelandais

1.3. California

Ni inkwavu nini, zera zikagira ibara ryirabura kumatwi, ku zuru, ku murizo no ku binono. Zifise ibiro bishobora gushika kuri 4.



Isanamu 3 : urukwavu rw'ubwoko California

2. INZU Y'INKWAVU

Akamaro k'inzu ni ugukingira inkwavu imvura, izuba, ubushuhe burenze urugero, umuyaga mwinshi, abasuma n'ibikoko (akayabu, imbwa, imbeba, inzoka n'ibindi). Irorohereza umworozi gukora amerewe neza. Irafasha gukurikirana neza amagara y'urukwavu n'ukwegeranya umwavu.

2.1. Ikibanza

Urukwavu n'igitungwa gikunda kuba ahantu **hatekanye**, **hatagira urwamo**. Nico gituma umworozi ategerezwa kuvyisunga kugira atore ikibanza ivyo bitungwa bibamwo. Aho naho ni nko kumusaya w'inzu canke w'igikoni, canke icumba cigenga cagenewe ubwo bworozi.

Inzu y'ubworozi bw'inkwavu ishobora gukorwa mu buryo bwinshi bivuye kubushobozi bw'umworozi: bashobora gukoresha imbaho, uduti dutoduto bafatanije n'imigozi, amarenga, ubuyungiro, amasandugu akorewe mu mahinguriro, n'ibindi.



Ishusho 1 : Inzu yo kwororeramwo inkwavu

2.2. Ivyo kwirinda

- Kirazira kwororera inkwavu hasi ;
- Kirazira kugaburirira inkwavu hasi ;
- Kirazira kugaburira inkwavu ubwatsi bukanye ;
- Kwibagira kuziha amazi.




Isanamu 4 : ikizira kubworozi bw'inkwavu

2.3. Ibikoresho vy'ubworozi

Bigizwe hanini n'ivyo kuriramwo, ivyo kunyweramwo amazi, ivyari, agaserama k'ubwatsi.

2.3.1. Ivyo kuriramwo

Bashobora gukora ivyo kuriramwo mu bikoresho bisanzwe ngaho (ubwato bukozwe mu giti, umugano, igikopo).



Ishusho 2 : Ibikoresho vyo kuriramwo

Ibikoresho vyose barashobora kubikoramwo ivyo kuriramwo. Igikuru, ni ugukurikiza ibi :


- Kuboha cane ico kuriramwo kugira inkwavu ntizigitembagaze ;
- Kugonda imbiga y'ico kuriramwo gikoze mu vyuma, kugira inkwavu ntizikomereke ;
- Ico kuriramwo coba gifukuye gato kugira inkwavu zishikire ivyokurya bitazigoye.

M.N : Ivyo kuriramwo vy'ibiti inkwavu zirabirya igihe zigomba kugabanya amenyo yazo kuburyo uwushatse gukoresha ibiti yoja arabikura igihe zihejeje kurya.

2.3.2. Ivyo kunyweramwo amazi

Umworozi ashobora gukoresha ikintu cose yahora akoresha mu kunywa amazi (ibikombe vyaheze ariko bitava, udusafuriya dutoyi atagikoresha kandi tutava, ubwato abaje mu biti).

Barabiboha cane kugira inkwavu ntizibitembagaze.



Ishusho 3 : Ibikoresho vyo kunwera mwo amazi

2.3.3. Ivyari



Iyo urukwavu ruri hafi yo kuvyara, rurarondera ikibanza cihishije, gitekanye rukagitegura mukugisasa rukoresheje ubwoya bwawo.

Inkwavu zitunguwe mudusandugu, harategakanywa icari urukwavu ruzovyariramwo. Ico cari baragitegura mu kugishiramwo ibibazurwa, canke ipampa canke ubwatsi bwumye, urukwavu narwo rugashiramwo ubwoya rwimongoye kugira bisusurutse udukwavu tuvutse kuko tuvuka tutagira ubwoya.

Uburinganire bw'icari :

- **Uburebure** : santimetro 70 gushika kuri 75,
- **Ubwaguke** : santimetro 40 gushika kuri 45,
- **Uburebure kuva hasi** : santimetro 30 gushika kuri 35.

Ico cari gishobora kuba nk'isandugu itagira umufiniko hejuru, canke yugaye hose, mu mbavu bagatobora ubwinjiriro bungana na santimetro 15 za diyametero (y'umuzingira canke y'ikwadrato).




Ishusho 4 : Uburinganire bw'icarire

Icari gikorwa kuburyo urukwavu rwinjira rudahonyoye udukwavu twavutse.

Mucari ni gutegekanya agatebe ku santimetero 10 uvuye kubwinjiriro igihe icari cugaye hose ariko ubwinjiriro bukaba ku mpande : ivyo birarinda ko udukwavu dusohoka hataragera, no kwinjira bitakoranye igihe bumaze gutangura gutembera. Izo ngingo zituma udukwavu twisubiza twonyene mu cari, iyo vyashitse tugashoka.

Icari gishobora gukorwa mu mbaho, umubehe, akabido gacye, amatafari n'ibindi..



Ishusho 5 : Icari urukwavu ruvyariramwo cubakiye, n'icari kiri hanze

2.3.4. Uduserama tw'ubwatsi

Agaserama ni ako gushirako ubwatsi bubisi canke bwumye baha urukwavu kugira ubwatsi ntibwononwe n'amase n'amaganga, kandi bugumane isuku.

Gashobora kuba gakoze mu biti, mu tuyungiro dusanzwe canke mu vyuma, bakakamanika ku ruhande.

Atari ivyo, imikama y'ubwatsi bayibohera hejuru y'akumba canke bakayishira hejuru ku kayungiro k'utwumba.



Isanamu 5: Icari urukwavu ruvyariramwo cubakiye, n'icari kiri hanze

3. UKUGABURIRA INKWAVU

3.1. Indya z'inkwavu

Ahanini indrya z'inkwavu zigizwe n'ubwatsi, imboga n'ibishishwa. Kugira zironke ivyangobwa vyose umubiri ukeneye mu gukura no kurondoka, zirakenera ituruto :

- Ubwatsi bw'imeza bugizwe ahanini n'icanda, n'ikibara ;
- Ubwatsi burimwa : setariya, ikibingo, tirisakumu, kaliyandra, desimodiyomu, n'ubundi ;
- Ibishishwa bikorehwa bishobora kuva mu bigori, ubushaza, ibiharage, isoya, ibitoke ;
- Imboga : ikaroti, amashu n'izindi ;
- Amababi y'ibigori, intengwa, ibitoke, amavoka ;
- Imibuto, ibibuto vy'amavoka ;
- Intete z'ubwoko bwose ;
- Ibijumbu ;
- Ituruto.

M.N : ingaburo yose y'inkwavu itegerezwa kuba ifise isuku, yumutse kandi itagira ifira.

3.2. Amazi

Urukwavu runywa amazi kenshi, ku murango no mw'ijoro.


Ivyo runyweramwo amazi bitegerezwa kwama vyuzuye igihe cose, na cane cane ku mugoroba bagashiramwo amazi akwiye yo mw'ijoro. Ahashushe, urukwavu runywa amazi menshi.

Bashobora gukora ico kunyweramw'amazi ciza bakoresheje icupa rya parasitike.

Baratobora intoboro imwe canke zibiri mu ntebe z'icupa ryogeje, bakaryuzuzamwo amazi bagapfundikira.

Baca bashira iryo cupa mugikono gifukuye buhoro buhoro.

Ico kunyweramwo amazi c'icupa ricuritse.



Ishusho 6 : uko urukwavu runywa amazi

4. GUTUNGANYA IRONDOKA

- Urukwavu rwima rumaze amezi 5-6 kuzivyara ;
- Impfizi zigera kwimya zimaze amezi 6-7 ;
- Igihe ari ubwa mbere zima, ni vyiza kuzimisha ku mezi 9 ;
- Urukwavu rurinda igihe cose bihuye n'impfizi. Murico gihe rurashobora kwima kandi rugaca rufata ;
- Urukwavu rwimye, rumara ukwezi kumwe rugaca ruvyara ;
- Rwonsa imisi 30 – 35, rugaca rucutsa ;
- Urukwavu rusubira kwima inyuma y'imisi 15 ;
- Urukwavu rushobora kuvyara ubwana 8-10, ariko ni vyiza kuraba amabere y'urukwavu uko angana kugira utwavutse tungane n'igitiri c'amabere ya nyina. Bituma bwonkera rimwe bwose, gurtyo bugakurira rimwe. Ataruko, honka ubwegereye ibere, hanyuma uburenzako bukicwa n'inzara ;
- Urupfizi rugenewe kwimya inkwavu 8-9 ;
- Urukwavu rushobora kuvyara incuro 5-7 ku mwaka ;
- Urukwavu rurashobora kumara imyaka 1-2 rukivvya. Inyuma yaho, rurashobora kuvyara mugabo ruca ruvyara ubwana bubu bubu.

M.N :

- ***Mu gukura ubwana mucari, kirazira kubukorako utabanje gukora kuri nyina kugira intoke zimote ubwoya bwa nyina. Utabigize uko, nyina ica yanka kubwonsa kubera yumva akandi kamoto.***
- ***Mu kwimisha urukwavu, batwara urugore ku rugabo.***
- ***Kubangurira biba mu gitondo canke ku mugoroba (igihe hafutse).***

4.1. Gutandukanya ibitsina vy'inkwavu

Batandukanya inkwavu baravye ibitsina kugirango bakurikirane neza irondeka, no kurwanya kuvyara amacugane.

Mu kumenya igitsina c'udukwavu, bategerezwa kwihweza igice c'umubiri kiri muni y'umushumiko. Ku inkwavu ngabo zikuze, urusato rufuka amatengatwa ruraboneka neza.



Ishusho 7 : uko batandukanya ibitsina vy'inkwavu

5. GUTUNGANYA AMAGARA Y'INKWAVU

- Uko inkwavu zirondoka n'ingoga, niko zipfa n'ingoga. Iryo rero bituma nyene kuzitunga azitaho bidasanze, na cane cane mu kuzigirira isuku no kuzivuza igihe cose abonye ibimenyetso vy'ingwara ;
- Umworozi n'abakozi bo mu nzu y'inkwavu bategerezwa kugira isuku ryabo n'iry'inkwavu ;
- Ni ngombwa ko utwumba tw'inkwavu twamana isuku ahandi ho inkwavu zirashobora kugwara kandi zigapfa ;
- Umwavu ntiwokwuzura hasi canke mu mfuruka z'akumba ;
- Bategerezwa kwoza n'amazi n'isabuni utwumba tw'inkwavu igihe cose ducafuye ;
- Ivyo ziriramwo n'ivyo zinyweramwo amazi bitegerezwa kwamana isuku ;
- Bategerezwa guta ivyokurya vyatosekaye kandi bagahindura amazi ;
- Urukwavu rugwaye, na cane cane iyo hari izindi nkwavu, bategerezwa kurukura mu kumba ;
- Rupfuye, umworozi ategerezwa guca aturira umuvyimba ningoga kugira izindi ntizandukirwe.

5.1. Gukinga

Ni vyiza gukinga ingwara z'inkwavu ha kurindira zibanze kurwara kugira uzivure.

- Kugira isuku muburaro bw'inkwavu ;
- Gukura iminsi yose mu buraro amase n'amaganga y'inkwavu, kuko ashobora kuba arimwo amagi y'inzoka, n'imigera y'ingwara ;
- Kuziha imiti y'inzoka (akuto) rimwe mu kwezi ;
- Kuvura neza inkwavu ;
- Kurinda uruja n'uruza rw'abantu mw'iyororero ;
- Kugurira inkwavu mu mayororero yizewe ;
- Kutagura inkwavu zigwaye kandi bakagumiza ukwarwo urukwavu rwose rugwaye canke ruheruka kugurwa ;

M.N : Kirazira kikazirizwa gukoresha amogisisiline ku nkwavu, kubera rushobora gupfa!

Ibimenyetso bikuru bikuru vy'ingwara

Urukwavu rugwaye rugira ibimenyetso bikuru bikuru bikurikira :

- Ruratakaza akayabagu ;
- Ruratakaza inguvu ;
- Ruhema nabi ;
- Rurekura ibiseru ;
- Amaguru canke amatwi arunguriye ;
- Ruriyagaza ;
- Ijisho riritera ;
- Ruruta ;
- Rurashinga urwoya, ubwoya bugasa nabi kandi bushwiragiye.
- Ruguma rubunze mu mfuruka rusya amenyo.

Bafashe ubushuhe, baramenya ko rugwaye canke rutagwaye. Igipimo c'ubushuhe busanzwe ku rukwavu ni dogere 39°C.

M.N : *igihe cose umworozi abonye ibimenyetso vy'ingwara, yoca anyaruka kubibwira abaganga kuko urukwavu rugwaye rusinzikara n'ingoga.*

5.2. Ingwara nkuru nkuru z'inkwavu

5.2.1. Kogisidiyoze (coccidiose)

- N'ingwara ikunda kuboneka kandi ihambaye ku rukwavu ;
- Iterwa n'udukoko tuba mu rura, canke mu gitigu ;

Ibimenyetso n'ivyononekara :

- Akuto rimwe rimwe kibonekzamwo amaraso ;
- Kwuzura inda ;
- kunamba ;
- kutarya no kutanywa amazi neza ;
- akenshi butavuwe burapfa.

Ukuvura : Amprolium canke Silfadimerazine

Ugukinga :

- kugira isuku aho inkwavu ziba ;
- isuku ry'ibikoresho ziriramwo, n'ivyo zinweramwo amazi hamwe n'ibifungurwa ;
- kuziha amazi meza ;

5.2.2. Migisomatoze (Myxomatose)

- Iterwa n'imigera ya virusi ;
- Ifata inkwavu zonyene ;
- Yandukizwa n'udukoko (imibu, ubutitiri, imbaragasa) ;
- Akenshi kandi urukwavu rwandukizwa n'urundi rusanze rurwaye mugihe zibana zegeranye.

Ibimenyetso :

- Utuvyimba canke ibimamara kw'imerero ry'amatwi, ku nkikuro z'amaso, no mu ruhanga ;
- Ibikomere bishobora kuvamwo amashira, bihava bigakwira umubiri wose ;
- Kutakigira inguvu ;
- Gupfa mugihe rutavuye.

Kuvura : Nta muti ubaho.

Gukinga :

- Ni ukwirinda kuzana inkwavu zivuye iyo batazi, canke zivuye iyo zari zafashwe.
- Kurwanya udukoko dufise uruhara mu kwanduzwa iyo ndwara (imibu, utunyegeri ubutitiri, imbaragasa, etc).

5.2.3. Ingwara z'amahaha

- Ziterwa cane cane n'imigera yitwa pasterela ;
- Imigera yitwa bordetela n'ayandi ma bagiteri birakunda kuba birikumwe ;
- Ziyandura cane cane biciye ku vyo kuriramwo no kunyweramwo amazi vyanduye iyo migera canke zegereye izindi zigwaye ;

Ibimenyetso :

- Ibihute ;
- Guhema nabi, guhirira, gukorora, n'ibiseru ;
- Kumeregwa nabi ;
- Zitanga umwimbu muke ;
- Kenshi zipfa haheze iminsi 3 canke 4 ariko izikuzwe zishobora gupfa inyuma y'imisi 7 - 8.

Kuvura : Antibiyotike (Triméthoprimés/Sulfamides, Streptomycine, Tétracyclines, enrofloxacin, etc)

Gukinga :

- Kugira isuku y'inyubako, ibikoresho, ibifungurwa n'amazi ;
- Kuraba neza ivyerekeye ubworozi (ubushuhe, ubusisire, akayaga) ;
- Gukura inkwavu zirwaye muruhongore ;
- Kwitura umuganga mugihe cose ubonye ibimenyetso vy'ingwara.

M.N : Iyo ingwara yadutse, bategerezwa kwica inkwavu zose bagasubira kworora bakoresheje inkwavu zikomeye, kuko inkwavu zisa n'izakize ziguma zifise imigera mu mubiri.

5.2.4. Urukushi (Gâles)

- Ruterwa n'udukoko duto duto two mu murwi wa « acariens » tuja mu ruhu, canke mu matwi ;
- Ku rukushi rwo ku mubiri, utwo dukoko dushobora kwarika mu bihimba bitandukanye vy'umubiri, ariko dukunda cane cane ibihimba vy'impera (umutwe, impera z'amaguru n'amaboko) ;
- Urukushi rw'urukwavu ni ingwara yandukira ifata cane cane impongore zirangwa n'ukugundana rw'ibitungwa n'isuku rike ;
- Inkwavu zikomeye zishobora kwanduzwa n'izirwaye canke ibikoresho vyanduye.

5.3. Ibimenyetso :

- Zirikwashagura ;
- Zikavunguka ubwoya ;
- Ibibarara mumatwi bituma ruguma ruzungagiza amatwi (uruhushi rwo mumatwi) ;
- Iyo rwasinzikaye, rushobora kurwara n'amatwi ;
- Gukebana izosi mugihe rutavuwe.

Kuvura : Iveremekitine (Ivermectine).

6. IBIKORWA VYA MINSI YOSE MU BWOROZI

6.1. Gukora isuku

6.2. Gukurikirana amagara y'inkwavu



6.3. Kugenzura icari

kugira isuku no gusasira n'ubwatsi bukavye, ibibazurwa, canke ipampa.


6.4. Gufata no gusegura inkwavu

Inkwavu zitegerezwa gufatwa n'ubwitonzi bwinshi. Ntibozikomeretsa. Iyo bateruye urukwavu, barufata bagumije mugabo badakambije.

Mu guterura urukwavu, barufata kw'izosi, mu ntango z'amatwi kugira barugumye neza, bagaca bafata urushato rwo ku gikanu, ukundi kuboko guca gufata mu mafyigo y'urukwavu.



Ishusho 8 : Uko bafata neza inkwavu



Ishusho 9 : Kirazira gufata urukwavu gutyo

Mu guterura no gutwara urukwavu rutaremereye, barufata bagumije hagati y'amafyigo n'imbavu, umutwe uraba hasi.

Mu gutwara urukwavu runini, bafata buhoro buhoro urusato rwo kw'izosi bagaca bafatira umutwe inyuma y'inkokora.

Bafata bagumije urukwavu n'iyi nkokora, ukundi kuboko bakagushira muni y'agakwavu.

6.5. Kuringaniza amenyo y'imbere n'uguca inzara

Inkwavu zifise amenyo y'imbere ane (hejuru no hasi abiri). Amenyo aguma akura igihe cose, mugabo arahera uko urukwavu rurya.

Rimwe rimwe amenyo yo muni n'ayo hejuru ntibihura iyo urukwavu rwugaye umunwa.

Muri ico gihe, amenyo ntahera kandi bategerezwa kuyaringaniza n'ipense y'urunyuzi rw'icuma canke n'amatenaye. Igihe ata bikoresho vyo kuringaniza amenyo umworozi afise, arashobora gushira igiti kigumye kandi cumye neza mu kumba, kugira urukwavu rugume ruringaniza amenyo yarwo.

Inzara nazo nyene ziguma zikura kuburyo ari ngombwa kuzica igihe zakuze kugira ntizitume inkwavu bizigora kugendagenda.



Gusuzuma amenyo



Guca inzara s v

Ishusho 10 : Gusuzuma amenyo no guca inzara